



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 8 MILYON DOLA POU RESTORASYON RIVAJ SOU LONG ISLAND

Reyabilitasyon rivaj Baxter Beach pral anpeche inondasyon ak pwoteje kominote Port Washington

Foto evènman an disponib sou paj [Flickr Gouvènè a](#)

Gouvènè Hochul te anonse jodi a 7.7 milyon dola pou restorasyon rivaj la nan Long Island. Envestisman an pral ede repara rivaj Baxter Beach ki te sibi ewozyon nan Port Washington. Ewozyon ak pèt bò rivaj la te lakòz gwo inondasyon, mete kominote yo an danje epi afekte plant ak lavi maritim.

"Abitan Long Island yo konprann ki jan yon jou lapli ka tounen katye ki inonde byen vit," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede Port Washington fè amelyorasyon nan enfrastrikti enpòtan yo ak bati yon kominote rezistan ki ka kenbe tèt ak ogmantasyon nan frekans evènman move tan ekstrèm yo."

Rivaj k ap disparèt nan Baxter Beach non sèlman gen enpak enpòtan sou plant ak lavi maritim, pèt abita ak plaj, men gwo inondasyon ka immobilize plizyè dizèn milye rezidan yo. Pandan gwo lapli ak evènman inondasyon, rezidan yo souvan bloke akòz inondasyon sou Shore Road.

7.7 milyon dola yo pral itilize pou diminye ewozyon ak inondasyon bò lanmè yo epi amelyore koneksyon pyeton yo. Konstriksyon yo pwopoze a gen ladan yon mache asfalt ki mouye, yon rebò wòch, reparasyon miray gabiyon, ak plantasyon mare pou anpeche inondasyon ak ewozyon. Yo pral konstwi pasaj pi wo pase yo, amenajman anwo bò rivaj la, ban,abri otobis, ak ekleraj ekonomik nan enèji tou pou amelyore rivaj la pou tout rezidan yo. Pwojè a pral non sèlman pwoteje rezidan Port Washington, men li pral tou atire nouvo vizitè epi sipòte distri biznis lokal la.

Yo bay finansman an apati sous finansman kapital eta ki egziste deja.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Amezi chanjman klimatik ak nivo lanmè ap ogmante menas pou kominote kotyè nou yo, envestisman Gouvènè Hochul fè nan restorasyon rivaj yo ap

bay sipò dirèk pou amelyore rezistans kotyè nan Long Island. Ekspè sou bò lanmè ak kalite dlo DEC yo pral kontinye travay ak anpil patnè k ap sipòte efò enpòtan sa yo pou avanse estrateji ki pwoteje anviwònman kotyè yo ak kominote yo nan rejyon an."

Manm Asanble Gina Sillitti te deklare, "Depi mwen te antre an fonksyon, youn nan pi gwo priyorite mwen yo ap travay san pran souf ak Majistra Nora Haagenson pou jwenn finansman ki nesèsè pou reparasyon ak restorasyon rivaj Baxter Beach la. Mwen fyè pou m anonse ke Gouvènè Hochul te reponn a apèl ijan nou yo epi li ap bay yon transfòmasyon 7.7 milyon dola pou pwojè enpòtan sa a. Finansman sa a pral non sèlman revitalize bò rivaj la ak reyabilite Manhasset Bay, men tou li pral pwoteje Shore Road kont inondasyon ak ewozyon san poz ki twò souvan kite rezidan nou yo bloke ak vilnerab."

Lidè minorite Konte Nassau Delia, DeRiggi-Whitton, te deklare, "Shore Road se yon pwèn aksè esansyèl pou plizyè dizèn milye rezidan Konte Nassau ak yon wout ijans DOT deziyen, epi nou dwe aji yon fason agresif pou prezève entegrite estriktirèl li nan enterè sekirite piblik, devlopman ekonomik, ak prezantasyon anviwònman an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak administrasyon li pou enterè yo sou rivaj nò Konte Nassau a epi mwen bat bravo pou Majistra Nora Haagenson pou defans san pran souf li ak lidèchip li nan abòde dènye defi enfrastrikti sa a nan rejyon nou an."

Manm Konsèy Vil North Hempstead, Mariann Dalimonte, te deklare, "Anons jodi a se yon etap enpòtan pou kominote nou an, ki adrese bezwen ijan pou restorasyon bò rivaj la nan Baxter Beach. Mwen vle sensèman remèsye Gouvènè Hochul, ak Madanm Asanble Sillitti pou sipò ak angajman fèm yo pou pwoblèm anviwònman ak sekirite nou yo. Envestisman sa a non sèlman pwoteje lavi maritim ak plant presye nou, men li asire tou pwoteksyon ak sekirite plis pase 12,000 rezidan yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, ak Madanm Asanble Sillitti, paske nou ede nou pwoteje kay ak anviwònman nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Majistra Baxter Estates, Nora Haagenson, te deklare, "Sibvansyon jenere Gouvènè a pral ede nou ak restorasyon Baxter Estates Beach nou an. Nou tèlman kontan ak fyè dèske Gouvènè a rekonèt enpòtans pou kenbe rezistans bò lanmè a sou Manhasset Bay ak abita natirèl li pou pwason ak zwazo dlo. Mèsi, Gouvènè Hochul."

Plan Rezistans global Gouvènè Hochul pou Pwoteje Nouyòkè yo

Gouvènè Hochul te anonse yon plan rezistans global pou pwoteje Nouyòkè yo kont move tan nan kad pwopozisyon Eta Leta 2024 li a. Gran pwèn yo enkli:

- **Kreye Pwogram "Rezistan ak Prepare" (Resilient & Ready)** an pou kreye yon fon fleksib pou sipòte efò rezistans pou pwopriyetè kay ki gen revni ba ak modere anvan tanpèt alavni yo. Pwogram nan ap pèmèt Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) a ede fanmi ki sibi domaj inondasyon yo fè reparasyon ki nesèsè apre tanpèt yo epi l ap kouvri depans pou amelyorasyon pwoaktif pou diminye enpak inondasyon yo.

- **Kreye Pwogram Racha Volontè Blue Buffers** la avèk 250 milyon dola ki enkli nan Bidjè Egzekitif 2024-2025 lan pou ankouraje racha nan kominote ki pi vilnerab a inondasyon. Pwogram nan pral priyore sansibilizasyon ak edikasyon an premye epi apre sa kòmanse idantifye pwojè volontè ki baze sou nivo risk inondasyon, pou asire nou pwoteje kominote nou yo ki pi vilnerab a gwo dlo ak gwo tanpèt.
- **Fè gwo investisman nan repons a katastwòf nan tout eta a** pou mete plis twoup sou teren an, amelyore fòmasyon ak preparasyon, epi adrese menas k ap evolye yo amezi y ap vini.
- **Mete Ajou Kat Zòn Danje Ewozyon Kotyè (Coastal Erosion Hazard Area, CEHA)**, ki esansyèl pou pwoteksyon plaj, din ak falèz ki kenbe ak amelyore rezistans kont inondasyon, pou kominote yo ak aplikan pèmi yo ka detèmine rapidman si yon pwopriyete twouve l nan yon CEHA.

Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik ke elektè yo apwouve 4.2 milya dola a, ap ede sipòte inisyativ sa yo ak anpil lòt, ki enkli mobilizasyon finansman pou amelyore kalite dlo ak rezistans enfrastrikti. Lwa sou Obligasyon an ap fè avanse nivo finansman istorik pou modènize enfrastrikti dlo ki vye epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo ak prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan. Pou plis enfòmasyon sou Lwa Obligasyon an, ale nan www.ny.gov/BondAct.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)